

English	Kreyòl Ayisyen
Ballot Question #1 Proposed Charter Change #1	Kesyon #1 Chanjman 1 ki Pwopoze nan Chat
Submitted to the Voters By: Bill No. 260457 (approved June 23, 2026); Resolution No. 260467 (adopted June 4, 2026)	Soumèt bay Elektè yo Pa: Pwojè Lwa No 260457 (apwouve nan dat 23 Jen 2026); Rezolisyon No 260467 (adopte nan dat 4 Jen 2026)
Should the Philadelphia Home Rule Charter be amended to revise the City’s contracting procedures to allow for bid preferences and set-asides for small businesses; modify the threshold and standards for contracts that can be set aside for small and local businesses; and grant the Procurement Department and the City Solicitor discretion on bond requirements for certain construction projects?	Èske yo ta dwe modifye Chat Gouvènman Lokal Vil Philadelphia a (Philadelphia Home Rule Charter) pou revize pwosedi Vil la pou bay kontra yo, pou pèmèt preferans nan òf ak rezèv kontra pou ti biznis yo; chanje limit ak kritè pou kontra ki ka rezève pou ti biznis ak biznis lokal yo; epi bay Depatman Akizisyon (Procurement Department) ansanm ak Avoka Vil la (City Solicitor) an pouvwa pou deside sou egzijans kosyon pou sèten pwojè konstriksyon?
Statement:	Deklarasyon:
The City’s Home Rule Charter sets up the framework of City government. The Charter is the City’s constitution.	Chat Vil la tabli estrikti gouvènman Vil la. Chat la se konstitisyon Vil la.
A “yes” vote means the Charter would be amended so the City can give contracting preferences to small businesses and expand them for local businesses for City-funded projects.	Yon vòt “Wi” vle di y ap modifye Chat Vil la pou pèmèt Vil la bay preferans nan kontra yo bay ti biznis epi elaji preferans sa yo pou biznis lokal yo nan pwojè Vil la finanse.

English	Kreyòl Ayisyen
Ballot Question #2 Proposed Charter Change #2	Kesyon #2 Chanjman #2 ki Pwopoze nan Chat la
Submitted to the Voters By: Bill No. 260264-A (approved June 23, 2026); Resolution No. 260270 (adopted June 11, 2026)	Soumèt bay Elektè yo Pa: Pwojè Lwa No 260264-A (apwouve 23 jen 2026); Rezolisyon nimewo 260270 (adopte 11 jen 2026)
Shall the Philadelphia Home Rule Charter be amended to establish and define the functions of Creative Philadelphia, an office headed by the Chief Cultural Officer to promote the City's arts, culture, and creative economy sector?	Èske yo ta dwe modifye Konstitisyon Otonòm Filadèlfi a pou etabli epi defini fonksyon Creative Philadelphia, yon biwo ki dirije pa Ofisye Kiltirèl Anchèf la pou ankouraje sektè atizay, kilti ak ekonomi kreyatif Vil la?
Statement:	Deklarasyon:
The City's Home Rule Charter is the document that sets up the framework of City government. The Charter is the City's constitution.	Règ Chatè Otonomi Vil la se dokiman ki defini kad gouvènman Vil la. Chat la se konstitisyon Vil la.
The City operates an office focused on arts and culture in Philadelphia called Creative Philadelphia. The office works to increase public access to arts and culture, support creative communities, and celebrate Philadelphia's cultural resources.	Vil la gen yon biwo ki konsantre sou atizay ak kilti nan Filadèlfi ki rele Creative Philadelphia. Biwo a ap travay pou ogmante aksè piblik la nan atizay ak kilti, sipòte kominote kreyatif yo, epi selebre resous kiltirèl Filadèlfi yo.
If you vote "yes" on this ballot question, that means you approve of making Creative Philadelphia a formal part of the government under the City's Charter.	Si ou vote "wi" sou kesyon bilten vòt sa a, sa vle di ou dakò pou fè Creative Philadelphia yon pati ofisyèl nan gouvènman an anba Konstitisyon Vil la.